

**PWOGRAM ASIRANS POU MOUN KI NAN CHOMAJ:**

**Yon Eksplikasyon sou Fonksyonman li ak**

**DWA TRAVAYÈ NAN FLORID**

**Soutni an pati avèk fon ki soti nan men McLuskey and McDonald, P.A.**

**PWOGRAM ASIRANS POU MOUN KI NAN CHOMAJ:**  
**YON EKSPLIKASYON SOU FONKSYONMAN LI AK**  
**DWA TRAVAYÈ NAN FLORID**

**LIVRÈ SA A FÈT POU BAY ENFÒMASYON SOU**  
**PWOGRAM ASIRANS POU MOUN KI NAN CHOMAJ NAN FLORID.**

KONTNI LIVRÈ SA GENYEN LADAN LI:

<b>I.</b>	<b>KI SA ASIRANS CHOMAJ YE?.....</b>	<b>3</b>
<b>II.</b>	<b>KI MOUN KI ELIJIB POU RESEVWA ASIRANS CHOMAJ?.....</b>	<b>3</b>
A.	Ki jan pou mwen fè Yon Reklamasyon Pou Benefis Chomaj? .....	4
B.	Kapab ak Disponib Pou Travay.....	5
C.	Ki Kondisyon Salè Mwen Dwe Ranpli?.....	6
D.	Ki Sa Yon Semèn Datant Ye?.....	8
<b>III.</b>	<b>RETE ELIJIB .....</b>	<b>8</b>
A.	Ki Sa Demisyon Volontè Ye?.....	8
B.	Ki Sa Movèz Kondwit Ye?.....	9
C.	Ki Sa ki Rive Si Mwen Refize Yon Bon Òf Travay?.....	10
D.	Ki Sa Disponib Pou Travay Vle Di?.....	10
E.	E Si Mwen Pa Kapab Travay? .....	12
F.	E Si Mwen An Grèv? .....	12
G.	E Si Mwen Diskalifye? .....	12
<b>IV.</b>	<b>PEMAN AN PLIS.....</b>	<b>13</b>

<b>V.</b>	<b>PWOSESIS APÈL LA .....</b>	<b>13</b>
A.	Depoze Apèl la.....	13
B.	Preparasyon Pou Jijman an .....	14
1.	Konprann Kesyon yo .....	15
2.	Konprann Lwa a .....	15
3.	Konprann Dosye Anplwayè a Genyen Kont Ou .....	15
4.	Pwodiksyon Dokiman yo .....	16
5.	Manda pou Konparèt Devan Tribinal.....	16
6.	Plan Pou W Pwouve Ka w la .....	17
C.	Jijman an.....	17
D.	Desizyon an .....	19
E.	Lòt apèl toujou .....	19
<b>VI.</b>	<b>TÈMINOLOJI .....</b>	<b>21</b>
<b>VII.</b>	<b>MODÈL FÒM YO .....</b>	<b>23</b>

### **KONSÈNAN IZAJ LIV SA A**

Nou eseye fè liv sa a avèk presizyon. Pakont, li difisil pou mete la lwa ak règleman yo nan langaj de toulèjou. Sonje ke lwa yo toujou ap chanje. Enfòmasyon ki nan Liv sa presi lè yo enprime li a. Li kab vin pa a la mòd ankò. Gen kèk mo ki gen yon asterisk \* ki swiv yo. Sa vle di w ap jwenn definisyon mo a nan lis tèminoloji a (Chapit VI). Chèche definisyon nenpòt mo si ou pa si de ki sa li vle di.

## I.

### KI SA ASIRANS CHOMAJ YE?

Asirans chomaj bay travayè ki pap travay lajan pou travayè a kapab pran tan pou li jwenn yon travay san li pa gen pou li depanse ti ekonomi li, aksepte byennèt sosyal, oswa fòse pran premye travay ki vin parèt la.

Anplwayè yo peye yon taks espesyal nan yon fon ki la sèlman pou peye benefis chomaj pou moun ki elijib yo. Chomaj pa byennèt sosyal. Se yon benefis travay menm jan ak sekirite sosyal.

## II.

### KI MOUN KI ELIJIB?

Benefis chomaj diskonib pou sitwayen Ameriken ak moun ki gen kat rezidans pèmanan ki ranpli kondisyon elijibilite sa yo:

- A. Ou dwe fè yon reklamasyon pou benefis;
- B. Ou dwe kapab travay, elijib pou w travay, epi ap chèche travay;
- C. Ou dwe ranpli sèten kondisyon salè;
- D. Ou dwe sèvi yon peryòd datant yon semèn (eksplikasyon A a D anba a).

Gen kèk kalite travay pwogram chomaj la pa kouvri (amwens ke anplwayè a chwazi peye pou sa). Nan lis la w ap jwenn: anplwaye legliz, disko oswa kontraktè endepandan.

Ou kapab aplike pou benefis chomaj si ou pap travay ditou oswa si se kèk lè sèlman ou ap fè nan yon ti travay. Chomaj pasyèl la se lè kantite lè travay a plen tan ou te genyen an vin diminye, menm si ou pa pèdi travay ou nè. Ou kapab kontakte yon Repezantan Biwo Reklamasyon pou w aprann plis sou benefis chomaj pasyèl la. Se dwa ou pou w fè yon reklamasyon epi ou ta dwe ensiste fè sa menm si Repezantan Biwo Reklamasyon an panse ou pa kalifye.

A. KI JAN POU MWEN FÈ YON REKLAMASYON POU BENEFIS CHOMAJ?

Lè ou pèdi travay ou ale an pèsòn nan Sant Karyè *One Stop* ki nan kominote ou a epi mande yon aplikasyon. Ou dwe ranpli aplikasyon an epi poste li voye ale nan Sant Konpansasyon Chomaj HUB la. Adrès pou Sant HUB kote reklamasyon pou moun ki nan Sid Florid la fèt se:

*Agency for Workforce Innovation  
Unemployment Compensation Claims Center  
P.O. Box 5608  
Ft. Lauderdale, FL 33310-5608.*

Epitou ou kapab ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan [www2.myflorida.com](http://www2.myflorida.com). Ou dwe asire w ou resevwa yon nimewo konfimasyon anvan ou soti sou sit la oswa yo pap travay sou aplikasyon ou a.

Yo va mande ou rezon ki fè ou kite travay ou. Li seksyon ki sou movèz kondwit la\* ak demisyon volontè a\* nan kòmansman paj 8 la anvan ou reponn kesyon sa yo. Konprann lwa yo epi bay enfòmasyon dosye ou a yon fason ki an favè ou. PA JANM BAY MANTI oswa siyen yon bagay ou pa konprann. Si se revoke yo te revoke w nan travay ou, di sa nan aplikasyon ou a. Jeneralman pèdi travay se lè yon travay ap fèmen oswa ak diminye nan pèsònèl li. Pa di ke ou te pèdi travay ou si se revoke travay ou te revoke w.

Epitou yo va mande w pou w ranpli yon kesyoné. (Gen yon kopi nan kouvèti do liv sa a, paj 28). Li seksyon III liv sa a anvan ou reponn kesyon sa yo. Repons ou yo kapab diskalifye\* ou pou w resevwa konpansasyon chomaj. Pa ekzanp, si w di ou dwe pran swen pitit ou epi kidonk ou pa kapab pran yon travay a tanplèn, ou pa kapab jwenn benefis chomaj. Lwa a di ou dwe fè plan pou gadri si yo ofri w yon travay a tanplèn. Konnen lwa a. Pa janm reponn yon kesyon ou pa konprann. PA JANM siyen yon bagay ou pa konprann, ki pa kòrèk, oswa ki pa di sa ou vle di a.

Yo va mande w pou kisa ou te kite travay ou. Li deklarasyon ou a avèk atansyon. Pa siyen amwens ke deklarasyon an konplè, kòrèk, eke ou konprann tout sa ki ladan li.

Lè biwo reklamasyon an fin pran reklamasyon ou a, ou va resevwa yon Atestasyon Salè\* nan de semèn konsa. Sa va montre konbyen kòb ou te fè. Se yon bon lide pou w kenbe sous chèk ou yo pou prouve kantite kòb ou fè nan travay ou. **Si enfòmasyon sou kantite kòb ou fè nan travay ou pa kòrèk, ou dwe fè yon apèl nan 20 jou a pati dat Atestasyon Salè a te soti.**

Biwo Reklamasyon an va fè ansyen anplwayè ou yo konnen ke ou te aplike pou benefis. Anplwayè yo gen yon chans pou yo rakonte istwa pa yo. Answit Biwo Reklamasyon an va deside si ou elijib\* pou benefis. Yo va poste ba w yon lèt pou fè konnen si ou elijib\* pou benefis oswa si ou diskalifye\* pou w resevwa benefis. Desizyon sa a va rete yon desizyon final si ou pa fè apèl la a tan (nan 20 jou).

Si Biwo Reklamasyon an jwenn ke ou elijib\* pou benefis, anplwayè ou kapab fè apèl. Ou gen dwa pou w resevwa benefis yo pandan y ap travay sou apèl anplwayè a. **Se verite li ye ke ou kapab oblije ranbouse lajan benefis sa yo si ou pèdi apèl ou a.** Kidonk, gen kèk Repezantan Reklamasyon ak anplwaye Sant Karyè *One Stop* ki eseye dekouraje moun aksepte benefis pa yo a. Men an jeneral li miyò pou w resevwa benefis ou yo pandan demach apèl la. (Tcheke paj 13, Peman an plis).

Si Biwo Reklamasyon an jwenn ke ou diskalifye\* pou benefis, ou pap jwenn benefis chomaj amwens ke ou fè apèl nan 20 jou AK genyen apèl ou a. Tcheke Chapit V, Pwosesis Apèl la, paj 12, SOU KI JAN POU W FÈ APÈL LA.

#### B. KAPAB AK DISKONIB POU TRAVAY

Ou dwe kapab epi ou dwe diskonib pou w travay. Kidonk, si pa ekzanp, ou vin enfim oswa doktè w di ke ou pa kapab travay, alòs ou pap vin elijib pou w resevwa benefis chomaj. Pakont, ou kapab elijib pou Asisrans Sosyal pou Moun ki Enfim (SSDI) oswa Revni Sipleman tè (SSI) oswa tou

lè de. Ou kapab aplike pou benefis sa yo nan biwo sosyal ki nan kominote ou a.

Si ou ale lekòl, si ou rete lakay ou pou w okipe timoun ou, oswa ou pap chèche travay, ou kapab pa diskalifye pou w resevwa benefis chomaj. Ou dwe rann tèt ou diskonib pou w travay ak fè efò pou w jwenn travay. An jeneral, ou ta dwe fè de (2) kontak travay pa semèn. Ou ta dwe anrejistre sou papye tout kote ou ale eseye chèche travay.

C. KI KONDISYON SALÈ MWEN DWE RANPLI?

Pou w elijib pou benefis chomaj, ou dwe ranpli kèk kondisyon salè pandan yon peryòd ki rele “peryòd de baz”. “Peryòd de Baz” ou a se yon peryòd yon ane ki kòmanse senk/ka (5/4) anvan yon ka (1/4) lè ou fè reklamasyon pou w resevwa benefis pou chomaj ou a. Men ki jan li fonksyone:

1. Chak ane divize an kat:

1: janvye, fevriye, mas

2: avril, me, jen

3: jiyè, out, septanm

4: oktòb, novanm, desanm

2. Si w te fè reklamasyon ou a 5 out 2002, sa vle di ou te aplike nan twazyèm pati kalandriye a. Kòmanse avèk dènye pati anvan pati lè ou fè reklamasyon ou a, dezyèm pati a la a, konte 5 pati annaryè. Sa mennen w nan pati ki kòmanse premye avril 2001.

3. “Peryòd de baz” ou a donk se premye avril 2001 pou 31 mas 2002.

Anvan ou kapab vin elijib pou benefis, ou dwe ranpli kondisyon finansyè yo. Pou sa ou dwe ranpli kondisyon sa yo:

a. Ou dwe genyen kredi salè nan omwen de pati kalandriye nan peryòd de baz ou a (ou dwe t ap travay nan omwen de (2) nan pati nan peryòd de baz ou a);

b. Ou dwe te touche omwen \$3400 nan peryòd de baz la; epi

- c. Salè total peryòd de baz ou a dwe omwen 1.5 plis pase pi gwo salè ou touche nan yon pati.

KALANDRIYE	SALE
avril, me, jen 2001	\$0
jiyè, out, septanm 2001	\$1800
oktòb, novanm, desanm 2001	\$2000
janvye, fevriye, mas 2002	\$1000

Nan ekzanp la, reklaman an elijib finansyèman paske li gen kredi nan omwen de pati kalandriye a, li touche plis pase \$3400 nan kredi salè pandan peryòd de baz la, epi tou li gen yon salè \$4800 ki 1.5 fwa plis pase salè pi gwo salè li touche nan yon pati kalandriye a ( $\$2000 \times 1.5 = \$3500$ ).

Lè yo fin detèmine peryòd de baz ak kredi salè ou yo, yo dwe kalkile kantite benefis ou dwe resevwa chak semèn ak pou konbyen tan. Kantite benefis ou resevwa chak semèn dwe egal a yon vennsizyèm ( $1/26$ ) salè total ou touche pandan yon pati nan kalandriye peryòd de baz ou a kote salè yo te pi elve. Mentou li pap mwens ke \$32 oswa plis pase \$275.

Dire benefis ou yo baze sou disponibilite kredi ou dwe resevwa. Kredi disponib yo ap 25 pousan kredi salè total ou yo, ki pa dwe depase \$7150.

Nan ekzanp an lè a, endividi a ta va elijib pou yon montan \$76.00 pa semèn (salè ki pi elve nan kalandriye a \$2000 divize pa 26 = \$76). Endividi a ta va elijib pou yon montan jiska \$1200 nan benefis chomaj (25% salè total,  $\$4800 = \$1200$ ). Endividi a va touche li pandan plis pase 16 semèn ( $\$1200 / \$76 = 15.78$  semèn).



Si w resevwa benefis chomaj nan nenpòt ane benefis anvan reklamasyon ou a, ou dwe te travay tou depi lè sa a epi fòk ou te touche omwen 3 fwa montan benefis ou resevwa chak semèn kounye a la a anvan pou w vin elijib pou benefis nan reklamasyon ou genyen kounye a.

D. KI SA YON SEMÈN DATANT YE?

Ou dwe aplike pou benefis chomaj ak ranpli tout kondisyon elijibilite pou yon semèn anvan ou kapab kòmanse kolekte benefis.

**III.**

**RETE ELIJIB**

Pou w kontinye rete elijib pou w resevwa benefis chomaj, ou dwe rapòte bay Biwo Reklamasyon an pa telefòn oswa pa la pòs pou w rapòte fòm nan jan yo mande pou w fè a. Menm si ou ranpli lòt kondisyon yo, ou kapab vin diskalifye konplètman oswa tanporèman\* pou w resevwa benefis chomaj si yo jwenn ke ou:

- A. Kite travay ou volontèman san yon bon rezon dapre anplwayè ou;
- B. Te revoke pou movèz kondwit ki gen rapò a travay ou;
- C. Refize yon bon òf travay valab;
- D. Pa kapab ak/oswa pa diskonib pou w travay;
- E. Enplike nan yon dispit travay. (Eksplikasyon A a E anba a la a).

A. KI SA DEMISYON VOLONTÈ YE?

Si w kite travay ou volontèman san yon bon rezon dapre anplwayè ou, w ap vin diskalifye\* pou w jwenn benefis. Sa vle di, si w demisyone pou yon bon rezon ki pa te fot anplwayè ou, ou va vin diskalifye. Pa ekzanp, si w kite pou w ale marye, pran swen yon fanmi ki malad, paske ou pa renmen travay oswa orè ou, oswa ale travay pou yon lòt moun, ou va vin diskalifye. Seynbn

Li se yon bòn koz (kidonk, ou kapab jwenn benefis) si w kite akòz kondisyon travay la pa te sen oswa kondisyon yo te enjis ke nenpòt lòt travayè nan menm sitiyasyon avè w ta va kite tou.

Ekzanp bòn koz:

- A. Anplwayè a mande w pou w fè yon bagay ilegal;
- B. Anplwayè a abize li de wou fizikman oswa seksyèlman;
- C. Anplwayè a ilegalman refize peye w lè siplemantè.

Anvan ou demisyone, ou dwe fè yon efò rezonab pou w kenbe travay ou. Sa vle di ke ou dwe diskite pwoblèm nan avèk sipèvizè oswa manadjè ou epi bay anplwayè a opòtinite pou li fikse pwoblèm nan anvan ou deside demisyone. Ou ta dwe gen prèv efò ou fè pou w rezoud pwoblèm nan tankou yon temwen oswa yon kopi yon lèt ou te voye bay anplwayè a pou eksplike ke pwoblèm yo dwe korije.

B. KI SA MOVÈZ KONDWIT YE?

Si yo revoke w pou movèz kondwit nan travay ou, ou va vin diskalifye pou w resevwa benefis. Movèz kondwit se yon “mank respè entansyonèl pou enterè anplwayè a”. Men kèk ekzanp movèz kondwit:

- A. Vyole règleman rezonab konpayi an pandan ou te kouran de yo;
- B. Vòlè nan men anplwayè ou;
- C. Kòmanse yon goumen nan travay la;
- D. Plede rive an reta oswa plede rate jou travay san otorizasyon;
- E. Derespekte yon kliyan oswa yon sipèvizè;
- F. Kale wès nan travay la (lè ou pa eseye fè yon bon travay).

Sa yo se ekzanp ki pa movèz kondwit (kidonk, ou elijib pou benefis).

- A. Yo revoke w paske ou te twò malad pou w vin travay;
- B. Yo revoke w paske ou refize fè yon travay danjere apre ke ou fin mete anplwayè ou o kouran de danje a;
- C. Yo revoke w paske travay ou pa te satisfèzan lè w fè tout sa ou kapab.

C. SA K PASE SI MWEN REFIZE YON BON ÒF TRAVAY?

Si w refize yon bon òf travay ou va vin diskalifye\* pou w resevwa benefis. Yon travay konvnab se travay ou kapab fè fizikman epi ke ou gen fòmasyon pou w fè li. Kondisyon travay la dwe rezonab. Plis tan ou fè ou pap travay, ou dwe gen plis fleksibilite sou koze salè, lokal ak kalite travay.

Lè w fin pase 25 semèn san travay, ou dwe pran/aksepte yon travay otreman “konvnab” ki peye plis pase 120% benefis chomaj ou yo. EKSEPTE: Ou dwe omwen touche salè minimòm, yo pa kapab fòse w pran yon travay ki vin lib akòz yon grèv oswa ki mande pou w vin manb oswa demisyone nan yon sendika.

Si w itilize tout benefis chomaj ou yo ( 26 semèn o plis) ou kapab elijib pou w kòmanse resevwa benefis adisyonèl\* si yo diskonib. Yon travay “Konvnab” dwe sèlman peye 100% benefis chomaj adisyonèl ou yo.

D. KI SA DISKONIB POU TRAVAY YE?

Si ou pa diskonib pou w travay, w ap vin diskalifye pou w jwenn benefis pou chomaj.

Ou dwe fizikman ak mantalman an mezi travay nan okipasyon abityèl ou epi ap chèche travay aktivman. Si w pati ale an vakans, epi ou pap chèche travay, ou pa elijib pou benefis pandan peryòd sa a. Ou dwe pare, dispoze ak an mezi a nenpòt ki lè aksepte yon travay konvnab amwens ke ou genyen “Bòn koz” pou w refize li (pa ekzanp: travay la peye mwens pase salè minimòm nan oswa

si pa gen mwayen transpòtasyon ale soti nan travay la). Se pa tout rezon ki sanble “bòn koz” pou wou pou w refize yon òf travay ke yo admèt dapre lwa ak règleman sou Konpansasyon pou chomaj. Konsilte yon Repezantan Biwo Reklamasyon an si w gen kesyon konsènan refize yon travay “konvnab”.

Si w ale lekòl pandan la jounen lè pou w ta nòmalman ap travay, ou ta dwe dispoze pou w kite lekòl ou si w jwenn yon travay.. (Amwens ke lekòl la se yon pwogram fòmasyon ke pwogram Konpansasyon pou Chomaj apwouve). Mentou, yo kapab aksepte ke ou chèche travay nan yon lè ki pa an konfli avèk lekòl ou.

“Diskkonib pou travay” vle di tou ke ou dwe toujou ap chèche travay pou kont ou. Enskri nan Sant Karyè *One Stop* ki nan kominote ou a pou kont li pa sifi. Epitou ou dwe aplike an pèsòn kote ou kapab jwenn yon travay konvnab, reponn piblisite, pran ekzamen Edikasyon Sivik, oswa lòt aktivite ki menm jan an. Pwogram Konpansasyon Chomaj la konsidere li miyò pou w ale an pèsòn lè w ap chèche travay.

Ou gen kèk chwa konsènan travay ou kapab pran pandan peryòd ou elijib pou benefis yo. Men yo pap konsidere w ke ou “ou diskonib pou w travay” si w mete restriksyon ki pa rezonab sou travay la, salè, orè oswa lòt kondisyon travay ou va aksepte. Mo kle a la se “restriksyon ki pa rezonab”. Plis tan ou pase san travay, lap vin plis pa rezonab pou w limite rechèch travay ou a nan menm kalite travay ou te fè anvan menm salè a. Itilize bon sans ou, men ankò, asire w ke ou tcheke avèk yon travayè Sant Karyè *One Stop* la oswa yon Repezantan Reklamasyon oubyen yon avoka si w ta gen nenpòt kesyon konsènan travay w ap chèche a.

Si yo pwolonje benefis ou yo\*, kondisyon pou w chèche travay la plis toujou. Ou dwe ekri tout sa ou fè pou w chèche travay sou fòm Biwo Reklamasyon an ba w. Biwo reklamasyon an va

eksplike kondisyon yo. Jeneralman, yo konsidere meyè fason pou w ale chèche travay se lè ou ale aplike an pèsòn. Li pa sifi pou w senpleman ale nan asanble kote sendika anplwaye moun.

E. E SI MWEN PA KAPAB TRAVAY?

Si fizikman ou pa an mezi travay, ou va vin diskalifye\* pou w jwenn benefis. Jeneralman, yo fè lide ke fanm ansent kapab travay sof si gen yon nòt doktè ki di le kontrè, men biwo konpansasyon chomaj la va gade sikonstans ki genyen nan chak ka anvan li deside kapasite fi a pou li travay. Si w malad epi ou pa rapòte nan randevou ou a, yo va diskalifye w pou tout semèn nan.

F. E SI MWEN PAP TRAVAY AKOZ YON GRÈV?

Yo va diskalifye\* w pou w jwenn benefis si se akòz de yon diskisyon nan travay la ki fè ou pap travay. (Nenpòt pwoblèm sou kondisyon travay, negosyasyon kontra, amwens ou pap patisipe oswa enterese dirèkteman nan grèv la).

G. E SI MWEN DISKALIFYE?

Si w diskalifye, ou pap jwenn benefis konpansyon pou chomaj.

Si w diskalifye pou w jwenn benefis, ou va jwenn yon lèt. Lèt sa a va mete w o kouran de dwa ou genyen pou w fè apèl. Si w pa dakò avèk rezon ki fè yo diskalifye ou, asire w ou FÈ APÈL A DESIZYON AN nan kantite tan yo di w nan lèt la. Tcheke seksyon nan ti livrè sa sou “Pwosesis Apèl la” pou plis enfòmasyon. (Paj 13).

#### IV.

##### PEMAN AN PLIS

Si Biwo Reklamasyon an detèmine ke ou te resevwa benefis ou pa te dwe jwenn, yo va voye yon lèt pou fè w konnen yo te “Peye W Anplis” epi yo va montre w semèn ak montan yo te peye w an plis la. Ou kapab fè apèl a desizyon a si w swiv sa yo di w nan desizyon an. Epiou tcheke Chapit V, Pwosesis Apèl la anba a). Si w pèdi apèl la, Biwo Konpansasyon Chomaj la kapab asiyen w pou yo kolekte lajan yo te peye w an plis la, oswa retire nan benefis ou kapab resevwa nan 2 pwochè ane yo.

Si Biwo Konpansasyon Chomaj la jwenn ke yo te peye w an plis pou movèz reprezantasyon\* oswa magouy\* gen de bagay ki ta kapab rive. Ou va reskonsab pou w peye lajan an plis yo te ba w la, oswa, si Biwo Konpansasyon Chomaj la decide, ou ta kapab fè retire sou lajan lòt benefis ou ta va genyen pou w jwenn nan lavni. Yon dekouvèt magouy ta dwe fèt nan 2 lane magouy la oswa movèz reprezantasyon an te komèt. Pa gen rekiperasyon ki kapab fèt apre 5 lane dat desizyon an te fèt.

Men sepandan, yo ta kab jije w pou magouy (fwod) epi ou riske ale nan prizon. Si yo akize w, ou ta dwe chèche konsèy legal imedyatman.

#### V.

##### PWOSESIS APÈL LA

Gen plizyè etap nan Pwosesis Apèl la. Kòmanse nan Biwo Reklamasyon an, yo poste bay anlwaye ak anlwayè deizyon ki favorab oswa ki pa favorab yo.

Li enpòtan anpil anpil pou w LI TOUT NOTIS LA menm sa ki ekri an ti lèt piti yo. Tout enfòmasyon ki nesèsè pou w fè apèl la an dedan chak desi zyon ak notis.

A. DEPOZE APÈL LA

Premye etap la nan pwosesis apèl la se depoze apèl la. Si w pa depoze apèl la, desizyon kote yo rejte benefis ou yo final epi ou pa kapab chanje li. Si yo refize ba w benefis, ou ta dwe mande apèl a menm kote a. Ou gen ven (20) jou a pati dat notis la pou w depoze apèl ou a. (Se pa ven jou a pati dat ou resevwa lèt la nan men la pòs non).

Ou kapab fakse oswa poste apèl ou a. Biro lokal ou a “*One Stop Career Service Center*” **PA KAPAB AKSEPTE APÈL OU A.** Mentou, ou kapab mande asistans yo pou ou fakse fòm nan de fason aproprye. Anplwaye “*One Stop Career Service Center*” yo kapab ba w bon fòm nan. Epitou ou pral jwen fòm apèl la nan aplikasyon ou te mande lé ou te resevwa fòm aplikasyon an. (Verifye Fòm nan ki nan paj 24 la). Si ou pa kapab ale nan “*One Stop Career Service Center*” a, ou kapab fé apèl la epi li. Ekri yon lèt ki di konsa ke ou ap fè apèl oswa itilize fòm ki nan paj 24 la epi ranpli pati ki vid yo epi fakse li nan Biwo Apèl la oswa poste 2 fotokopi nan adrès ki anba desizyon ou te jwenn nan “Section IV. Appeal Rights” la. Kenbe on fotokopi paj konfimasyon faks la kòm prèv lè ou te voye apèl la ale. Si ou chwazi poste apèl la, ou ta dwe voye yon fotokopi SÈTIFYE PA LA PÒS AVÈK RESI LA PÒS LA (Certified Mail Return Receipt Requested). Ou ta dwe voye dezyèm fotokopi pa la pòs vwa regilye.

Lè Biwo Reklamasyon an fin resevwa apèl ou a, ou va resevwa yon notis ki va ba w lè ak kote jijman apèl ou a ap fèt. Notis la va fè w konnen ki kesyon apèl la va kouvri.

B. PREPARASYON POU JIJMAN APÈL LA

Bon preparasyon genyen jijman! Ou pa oblije fè tout sa yo sijere la a. Se pa tout bagay ki valab pou chak ka. Men plis preparasyon ke ou fè, ou va gen plis chans pou w genyen apèl ou a. Pliske taktik yo sijere la a pran tan, ou kapab ranvwaye jijman ou a. (Yon modèl pou Rekèt pou

Ranvwa nan paj 25). Pliske delè nan jijman ou a va mete benefis ou yo an reta (si se wou ki fè apèl la), ou kab deside pou w pa mande dokiman oswa manda konparisyon. Sa depann de ou menm. Ou dwe deside si ou kapab genyen ka ou a san prèv sa a.

SONJE POU W KONTINYE RAPÒTE W NAN BIWO REKLAMASYON AN jan sa te pwograme pandan apèl la ap kontinye.

1. Pou w prepare pou jiman an, ou dwe konprann kesyon yo va deside yo.

Men yon ekzanp: Anplwayè ou te revoke w pakse ou t ap plede absan. Li di ke li te avèti w ke si ou absan ankò li va revoke w. Ou te pèdi anpil jou travay, men chak fwa se malad ou te malad. Koze a sè ke: Èske yo te revoke w pou movèz kondwit? Sa ta sipoze parèt nan notis jijman an. Devan paj Notis la w ap wè yon bagay ki make “Kesyon ki enplike nan apèl la.”

2. Konprann Lwa a. Reli pati ki sou movèz kondwit ki nan liv sa a. Ou wè ke movèz kondwit se yon “mank respè entansyonèl pou enterè anplwayè ou.” Ou konnen ke se pa te entansyon w pou w te rate jou travay. Ou te malad epi ou pa te gen chwa. Ou ta dwe chèche genyen nòt doktè pou dat ou te absan yo pou sipòte deklarasyon maladi ou a ak koze ke ou pa te kapab al travay la.

Pou yon meyè konpreyansyon lwa a (ke jij odyans la va itilize pou li pran yon desizyon sou ka w la) pa ezite rele yon avoka ki gen bon jan eksperyans nan lwa sou konpansasyon chomaj.

3. Konprann ka Anplwayè a genyen kont ou. Ou ta dwe resevwa on fotokopi dokiman ki gen pou li wé avék reklamasyon “unemployment compensation” ou an avék tou Notis Jijman-an. Ou dwe revize dokiman sa yo anvan jijman ou an. Si ou pat resevwa dokiman sa yo, Rele Biwo Apèl la (nimewo telefòn nan nan notis jijman ou an) epi fè aranjman pou ou revize dosye ou a oswa mande pou yo poste yon fotokopi dosye ou a pou ou. Ou an dwa pou ou resevwa fotokopi gratis.



Dosye a pral gen la dan li deklarasyon anplwayè ou konsènan ki rezon ki fè li revoke ou. Sa patron ou an pral di yo pral nan yon deklarasyon ke li pral fè nan telefòn oswa ke li pral fé pa ekri e ke a pré li pral soumèt li nan biwo Konpansasyon pou Chomaj/ Unemployment Compensation. Li tout dosye a an antye epi pran nòt. Li deklarasyon pa ou a an antye pou ou ka asire ou ke ou pa di on bagay diferan de sa ou te deja di nan jijman an.

Ekzanp: Deklarasyon anplwayè ou a di “Nan yon mwa li rate 15 jou. Mwen ba li yon avètisman sou papyè epi li te toujou ap rate jou”. Ou konnen ke ou pa te rate tout jou sa yo epi li pa te janm ba w yon avètisman sou papyè. Ki jan ou pwouve sa?

4. Pwodiksyon Dokiman yo. Ou dwe gade dosye pèsònèl anplwayè ou a pou w wè pou ki sa li di ou te rate 15 jou eke li te ba w yon avètisman sou papyè konsènan absans ou. Rele ansyen anplwayè ou a epi mande li pou w wè papyè ki gen enfòmasyon pou jou ak lè ou travay yo. Enstriksyon sou ki jan pou w jwenn bon jan enfòmasyon nan men anplwayè ou a nan paj 27 ansanm ak fòm pou w itilize nan paj 27A a 27D.

Jij la va voye yon lèt pou li bay anplwayè a lòd pou li montre w dosye ou yo. Lèt la va mansyone ki lè ak ki kote pou anplwayè a montre dosye sa yo. Ale epi li enfòmasyon yo avèk swen epi pran nòt. Fè fotokopi si w kapab.

Ekzanp: Ou li dosye w yo epi yo fè konnen ou te rate jou travay premye, de janvyè, 6-21 avril. Pa gen avètisman sou papyè nan dosye w la. Ou tcheke sous chèk ou yo epi ou wè ke dat yo kòrèk men ou te an vakans 6 a 21 avril. Ou sonje ke premye janvyè ou te ale travay men sipèvizè w John Jones te voye w lakay ou paske ou te fè yon fyè. Ki jan ou pral pwouve sa nan jijman ou a? Byensi, ou kapab di jij la ke yo te voye w ale lakay ou. Men li toujou pi bon pou w gen lòt prèv.

5. Manda pou Konparèt devan Tribinal. Se dwa pa w pou w fè jij la bay temwen lòd pou vin nan jijman ou a. Epitou Jij la kapab bay lòd pou vin avèk dokiman yo nan jijman an. Yon fòm pou Mande yon Manda Konparisyon devan Tribinal nan paj 26. Ranpli pati ki vid yo epi pote li nan

biwo jij la.

Ekzanp: Ou vle yon manda konparisyon pou bay John Jones lòd pou l vini nan jiman ou a. Epi tou ou vle pou li pote dosye pèsònèl ki gen tout lè ou travay yo nan jijman an. (Men sonje, temwen kapab bay manti. Èske John Jones va bay la verite? Si w pa si, pa voye manda pou li konparèt devan tribinal la ba li. Ou kapab telefone li epi mane l ki sa li pral di lè li fin prete sèman.

Jij la va soumèt yon manda konparisyon pou òdone John Jones asiste jijman ou a. John Jones dwe resevwa manda a an pèsòn. Nenpòt adil kapab delivre manda a (pa ou menm). Zanmi w delivre manda epi li siyen li devan yon notè. Ou vini avèk afidavi sa a tou siyen nan jijman an.

6. Prepare w pou w pwouve ka ou a: Ekri yon lis pwen ou dwe pwouve yo.

Ekzanp: (a) Ou te malad 1-2 janvyè. Pwouve sa a avèk temwayaj ou, temwayaj John Jones ak yon nòt doktè si yo diskonib;  
(b) Ou te malad 3-7 mas. Pwouve avèk temwayaj ou.\* Si doktè te wè ou, fè li bay yon nòt. Si ou te ale nan yon lopital, pran kopi dosye lopital la. Si yo te preskri w medikaman, pote boutèy preskripsyon an. Ou dwe vini avèk prèv sa a nan jijman an; epi  
(c) Ou te an vakans 6-21 avril. Sous chèk ou pwouve sa a. Vini avèk yo nan Jijman an.

C. JIJMAN AN

Jijman an pral fèt pa telefòn-n nan dat epi lè ki ekri nan notis jijman ou a. Notis sa-a pral endike tou nimero telefòn-n kote yo pral kontakte ou a pou jijman-an. Se responsablite ou pou ou disponib nan dat epi lé jijman-an. Si ou swete fé yo kontakte ou nan on lòt nimero telefòn-n ke sa ki nan notis ou a, ou dwe notifie Biro Apél la anvan jijman-an. Yo ka mande ou pou ou bay notifikasyon faks nimero telefòn-n ke ou swete itilize. Ou dwe soumèt tou ninpòt prèv ou swete itilize anvan jijman-an. Ou ka fé sa lé ou poste li o sinon fakse li. Kenbe on fotokopi pou ou ka gen on referans nan jijman-an jan o sinon lé ou gen bezwen-l.

Prepare on lis bagay ke ou vle pale nan jijman-an. Gen on papye epi on plim disponib pou

ou ka pran nòt. Vini ak yon kalandriye si gen konfizyon nan dat yo. Remake ke si ou pa pale Angle oswa si ou bezwen yon tradiktè mande Biwo Apèl la osito posib pou yo ba ou on tradiktè nan jijman an.

Se yon jij tribinal dapèl ki fè jijman an\* se li ki va tande evidans ak pran yon desizyon sou ka ou a. Li pral mande temwen yo pou yo leve men yo an lè pou yo jire (ou menm tou) epi kite chak pati rakonte koze pa yo jan li pase a. Jijman an anrejistre sou kasèt epi yo transfere kasèt la sou papye (a lekri) epi yo itilize li kòm evidans si gen yon apèl devan Tribinal.

**Ekzanp:** Anplwayè ou a deklare ke ou te rate twòp jou travay epi yo revoke w. Li di ou rate 15 jou travay nan yon mwa. Li nan dosye ou ke ou te absan 1-2 janvyè, 3-7 mas, ak 6-21 avril. Apre temwayaj li a, ou kapab poze li kesyon.

OU MANDE: Èske se sèl jou sa yo mwen te absan?

REPONS: Daprè sa mwen konnen.

K: Èske ou konnen pou ki sa mwen te absan jou sa yo?

REP: Non.

K: Ou deklare bay Biwo Konpansasyon Chomaj la sou Fòm ES931 ke mwen te resevwa yon avètisman a lekri pou mwen pa te absan ankò. Pou ki sa li pa te nan dosye mwen?

REP: Se te yon erè. Steven Smith, Anplwaye an Tèt la te bay yon avètisman a loral.

K: Ki jan ou fè konnen sa?

REP: Li te di mwen sa.

**DEKLARASYON DEVAN JIJ LA: OBJEKSYON, SA LÒT MOUN DI (DITON)** (yon deklarasyon yon moun ki pa prezan nan jijman an fè epi ke yo foure nan koze a - movèz kondwit nan travay la), M. Smith pa la pou li temwaye.

JIJ: Nou pran nòt de Objeksyon ou a.

DEKLARASYON DEVAN JIJ LA: Mwen pa gen lòt kesyon pou temwen sa a.

Se tou pa w apre pou w temwaye. (Rakonte pati pa w la) Ou di jij la ou te absan 1-2 janvyè men Sipèvizè w te voye w lakay ou paske ou te gen yon fyèv. Ou te absan 3-7 mas epi ou gen yon nòt doktè pou pwouve ou te malad. Bay jij la nòt doktè a. Ou te absan 6-21 avril. Ou te an vakans. Bay jij la sous chèk ou yo. Answit ou rele temwen ou a, John Jones.

K: (ou menm): Mr. Jones, èske ou sonje ou te voye m lakay mwen premye janvyè?

R: (Mr. Jones): Mwen sonje ou te di ou te malad. Mwen pa konnen si se te verite.

K: Men ou te voye m lakay mwen?

R: Wi.

DEKLARASYON DEVAN JIJ LA: Mwen pa gen lòt kesyon

### Deklarasyon Final

Lè jij la fin tande evidans yo, jij la va akòde chak pati yo yon chans pou yo fè yon dènye deklarasyon. Ou dwe bay yon ti deklarasyon tout kout pou eksplike ki jan ou ta kapab pwouve KA ou a.

Ekzanp: Mwen montre ke mwen te rate jou travay de fwa paske mwen te malad. Lòt absans mwen an se te yon vakans. Mwen pa resevwa ankenn avètisman paske mwen te absan. Mwen pa koupab de movèz kondwit epi mwen te ale travay tout lè mwen pa te malad.

### D. DESIZYON AN

Jij la va voye yon desizyon pou wou a lekri. Nenpòt nan pati yo kapab fè apèl a desizyon an nan 20 jou. Si w kwè ke jij la fè yon erè si li pran yon desizyon kont ou, ou dwe FÈ YON APÈL ANVAN DESIZYON AN VIN FINAL. Apèl la dwe fèt avèk Komisyon Dapèl Biwo Konpansasyon

Chomaj la. Tcheke modèl Rekèt pou Revizyon nan paj 28 ak 29.

E. LÒT APÈL TOUJOU

Aprè jijman an, pati ki pèdi a kapab fè apèl nan 20 jou a pati dat desizyon an (pa jou ou resevwa li a non). Lè sa a li pi bon pou w PRAN YON AVOKA. Ou kapab rele Sèvis nan Miami-Dade ki bay referans avoka nan 305-350-5297.

Si w pa kapab jwenn yon avoka, li posib pou w fè pwòp apèl ou. Yon fòm pou mande yon apèl ak yon kopi gratis kasèt jijman an nan paj 28. Lè w resevwa kasèt jijman ou a, ekri Komisyon an yon lèt pou eksplike pou ki sa ou ta dwe genyen epi montre pati nan kasèt la ki ede ka ou a. Lèt sa rele dosye \* (*brief*) epi w ap jwenn yon modèl ekzanp pa nou nan paj 29. Poste li vit.

Komisyon an va bay yon desizyon a lekri epi pati ki pèdi a kapab fè apèl nan 30 jou. Pran yon avoka si anlwayè ou fè apèl devan Tribinal, oswa si w pèdi eke ou toujou panse ke ou gen yon bon ka. Tribinal la va òdone Biwo Konpansasyon Chomaj la pou li peye avoka ou a si w fè apèl eke ou genyen nan Tribinal. Ou kapab rele *Legal Services of Greater Miami, Inc.*, nan 305-576-0080 pou plis enfòmasyon sou ki jan pou w fè apèl devan Tribinal.

## VI.

### TÈMINOLOJI

Biwo Konpansasyon Chomaj la itilize tèm sa yo epi ou menm jwenn yo tou nan pwofesyon legal la. Tèm yo va ede w gen plis familyarite avèk notis ak desizyon ke ou genyen eke ou va resevwa. Lis sa pa konplè, epi si ou va vin rankontre yon mo ke ou pa konprann, tcheke avèk Biwo Reklamasyon ki nan zòn kote ou rete a.

AFIME: Se se yon tèm ki itilize nan desizyon Jij ak Komisyon Dapèl Biwo Konpansasyon

Chomaj la. Li vle di ke yon ansyen desizyon ki konsène w rete kòrèk amwens ke yon pi wo nivo nan Pwosesis Apèl la ranvèse li.

KOMISYON DAPÈL: Divizyon Biwo Konpansasyon Chomaj ki revize desizyon jij dapèl la.

JIJ DAPÈL: Moun ki dirije jijman an, rasanble evidans ak pran yon desizyon.

DOSYE: (*BRIEF*) Yon lèt pou Komisyon Dapèl Biwo Konpansasyon Chomaj la ki gen agiman ak eksplikasyon yon moun sou rezon ki fè Komisyon an ta dwe afime oswa ranvèse desizyon Ofisye Jijman an.

REKLAMAN: Yon moun ki mande pou yo ba li benefis. Sa se, OU MENM.

BIWO REKLAMASYON: Biwo Divizyon Biwo Konpansasyon Chomaj kote ou te premye fè aplikasyon oswa reklamasyon pou benefis. Kote premye desizyon sou elijibilite benefis fèt.

KONT ENTÈWOGATWA (CROSS-EXAMINE): Kesyon yon moun de prè pandan yon jijman pou verifye si temwayaj yo a se menm ak temwayaj yo te bay anvan an.

DETÈMINASYON: Desizyon inisyèl ki pran sou premye reklamasyon ou fè a. Desizyon sa a va fè konnen swa yo jwenn ou elijib oswa, si ou diskalifye yo va ba w rezon ki fè yo refize w.

DISKALIFYE: Pa elijib pou benefis. Si w diskalifye eke ou pa fè apèl, ou pap resevwa benefis.

DIVIZYON: Divizyon Biwo Konpansasyon Chomaj Ajans Inovasyon Mendèv.

ELIJIB: Otorize pou w jwenn benefis.

EVIDANS: Enfòmasyon ke yon Reprezantan Reklamasyon, Jij Dapèl, Komisyon Dapèl Biwo Konpansasyon Chomaj, oswa Jij itilize pou pran yon desizyon.

PWOLOGASYON BENEFIS: Lè yo peye benefis chomaj anba yon pwogram federal espesyal pandan peryòd chomaj elve. Sa yo se benefis ou resevwa apre ke ou fin resevwa tout chèk regilye ou yo.

MAGOUY (FWOD): Lè w konnen w ap bay manti oswa retni enfòmasyon enpòtan.

BÒN KOZ: Pou demisyon volontè: Bòn koz vle di senpleman si wi ou non ke anplwaye a gen yon bòn rezon pou aksyon li (demisyone); ak rezon an se yon bagay anplwayè a te responsab pou li te korije. SI W PA GEN BÒN KOZ DAPRE ANPLWAYÈ A POU W DEMISYONE, OU DISKALIFYE POU W RESEVWA KONPANSASYON CHOMAJ. Thecke paj 8.

JIJMAN: Yon jijman fèt lè yon moun fè apèl a yon desizyon Biwo Reklamasyon an. Tout pati yo bay evidans epi Jij Dapèl la pran yon nouvo desizyon.

MOVÈZ KONDWIT: Yon mank respè entansyonèl pou enterè anplwayè a. Tcheka paj 9. Si yo revoke w pou movèz kondwit ou DISKALIFYE POU W RESEVWA BENEFIS KONPANSASYON CHOMAJ.

MOVÈZ REPREZANTASYON: Lè w konnen w ap bay manti oswa retni enfòmasyon enpòtan.

REDETÈMINASYON: Yon desizyon divizyon an pran chak fwa li dekouvri gen yon erè ki te fèt oswa lè yo jwenn nouvo evidans oswa nouvo enfòmasyon.

DEMISYON VOLONTÈ SAN BÒN KOZ DAPRE ANPLWAYÈ A: Reklaman an kite travay li epi se pa fèt anplwayè a ki fè li demisyone, men fèt reklaman an. Sa diskalifye w pou w resevwa benefis.

ATESTASYON SALÈ: Yonatestasyon salè ou pandan ane de baz ou a ak kantite lajan ke ou elijib pou w resevwa pou konpansasyon chomaj.

**VII.**  
**MODÈL FÒM YO**



**OBJEKSYON POU DEDOMAJMAN TRAVAY**

Ou gen dwa fè apèl pa Entènèt pou desizyon yon abit pran nan [www.fluidnow.com/appeals](http://www.fluidnow.com/appeals) oswa ranpli fòm sa-a epi voye li pa lapòs (adrès la-a anba-a) oswa pa faks (nimewo-an anba-a). Ou gen dwa tache paj/dokiman anplis. Mete **nimewo sosyal moun k'ap fè reklamasyon-an sou chak paj**. Nenpòt ki apèl dwe fèt nan yon delè 20 jou apre dat espedisyon ki make sou desizyon-an. Si 20yèm jou-a se yon samdi, yon dimanch, oswa yon jou ferye legal, delè apèl-la ap gen yon jou anplis. Dat apèl-la fèt-la se jou ki make sou tenb lapòs Lezetazini-an (USPS) oswa jou yo resevwa epi met tenb sou apèl-la si yo te voye-l pa faks oswa voye-li pa yon sèvis livrezon ki pa USPS. Si ou tann plis pase 20 jou pou fè apèl-la, esplike pou kisa fòk yo konsidere ke apèl-la fèt atan. Moun k'ap fè reklamasyon-an: Kontinye fè reklamasyon pou sèmèn-yo jan li planifye-a pandan ou pap travay epi apèl ou-an poko abouti. Si desizyon yo pran-an an favè-ou, se semèn ou te reklame kòrèkteman-yo sèlman yo kapab peye-ou. Rele 1-866-778-7356 gratis si ou gen keksyon sou reklamasyon ou fè-a oswa ou bezwen enstriksyon pandan semèn w'ap reklame-yo.

**Non moun k'ap fè reklamasyon-an** \_\_\_\_\_  
**Nimewo Sosyal moun k'ap fè reklamasyon-an:** \_\_\_\_\_  
**Dat yo poste Desizyon y'ap fè apèl pou li-a:** \_\_\_\_\_  
**#ID Desizyon-an (Si li ekri sou desizyon-an):** \_\_\_\_\_  
*Make youn: Mwen se: moun k'ap fè reklamasyon-an; reprezantan moun k'ap fè reklamasyon-an; anplwayè-a; reprezantan anplwayè-a*  
**Rezon Apèl-la:** (Ou gen dwa tache paj anplis-yo.) \_\_\_\_\_

**Non mwen se:** \_\_\_\_\_ **Nimewo telefòn mwen se:** \_\_\_\_\_

**Siyati:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Mwen bezwen yon tradiktè pou odyans-la. Di ki lang: \_\_\_\_\_.

*Bay enfòmasyon sila-yo si yo pa menm ak sa ki sou desizyon y'ap fè apèl pou li-a oswa si yo pa sou li.*  
**Adrès moun k'ap fè reklamasyon-an:** \_\_\_\_\_ **Telefòn:** \_\_\_\_\_  
**Vil, Eta, Zip Kòd:** \_\_\_\_\_  
**Nimewo Kont Anplwayè-a:** \_\_\_\_\_ **Telefòn:** \_\_\_\_\_  
**Non Anplwayè-a:** \_\_\_\_\_  
**Adrès Postal:** \_\_\_\_\_  
**Vil, Eta, Zip Kòd:** \_\_\_\_\_  
**Lye travay:** \_\_\_\_\_

*Si ou se yon reprezantan k'ap fè apèl onon moun k'ap fè reklamasyon-an oswa anplwayè-a, fòk ou bay enfòmasyon sila-yo:*  
**Non Reprezantan-an:** \_\_\_\_\_ **Telefòn:** \_\_\_\_\_  
**Adrès Postal:** \_\_\_\_\_  
**Vil, Eta, Zip Kòd:** \_\_\_\_\_

Lè ou fin ranpli fòm sa-a, fiske li bay Biwo Apèl-la (Office of Appeals) nan (850) 921-3524 oswa voye l' bay pa lapòs  
 AWI Office of UC Appeals  
 Caldwell Building MSC 347  
 107 E Madison Street  
 Tallahassee, FL 32399-4143

**\*DEKLARASYON LWA SOU ZAFÈ PRIVE:** 42 U.S.C. 1320b-7(a) mande pou moun k'ap fè reklamasyon-an bay nimewo sosyal-li; y'ap sèvi avèk-li pou tabli yon relasyon ant dosye reklamasyon ak apèl sa-a, dapre otorizasyon ki soti nan Seksyon 119.071(5)(a)2., nan Eta Laflorid.

Yon anplwayè ki bay tout moun opòtinite. Gen moun ak sèvis pou ede moun ki kokobe là yo fè demand. Moun ki sèvi ak bagay TTY/TDDS Sèvis leta Florid 711 lan ka sèvi ak tout\* nimewo telefòn sou dokiman-an.

**REKÈT POU KONTINYE JIJMAN AN YON LÒT LÈ**

Dat : \_\_\_\_\_

Adrès biwo apèl la:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Re: Rekèt pou Kontinye Jijman an yon lòt lè**

**Reklaman:** \_\_\_\_\_

**No. Sosyal:** \_\_\_\_\_

**No ki nan Kalandriye Tribinal la:** \_\_\_\_\_

Pou Jij Dapèl la,

Tanpri ranvwaye jijman an ki fikse pou \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_. Rezon ki fè mwen bezwen pou w fè li yon lòt  
lè se: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.

Ak Senserite,

\_\_\_\_\_  
Reklaman

kopi konfòm bay anlwayè a

**REKÈT POU MANDA KONPARÈT DEVAN TRIBINAL**

Dat: \_\_\_\_\_

Adrès biwo apèl la: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Re: Rekèt pou Kontinye Jijman an yon lòt lè**  
**Reklaman:** \_\_\_\_\_  
**No. Sosyal:** \_\_\_\_\_  
**No. Ki nan Kalandriye Tribinal la:** \_\_\_\_\_

Pou Jij Dapèl la,

Mwen mande pou w voye yon manda konparisyon bay

Non Temwen an: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

pou li vin nan jijman mwen an nan dat \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ Eke pou w **ÒDONE LI POU LI POTE** dokiman sa yo:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_.

Ak Senserite,

\_\_\_\_\_  
Reklaman

## **“Unemployment Compensation”**

### **Entriksyon Pou ou Mande sa ki rele “Discovery” a**

Si ou gen on ka ki ap tan-n on repons nan biro Apél “unemployment compensation”, ou pral bezwen mande ansyen patron ou sa ki rele “*discovery*” a. “*Discovery*” se tout kalite dokiman o sinon lòt enfòmasyon ki empòtan nan ka ou a. Objektif “discovery” a se pou ou genyen on opòtinite pou ou revize tout dokiman ki pral prezante nan jijman ou a. Nan paragraf ki apré sa-a men etap pou ou swiv pou ou fé demand sa-a:

#### **1<sup>st</sup> Demand Prodiksyon**

- ▶ Ranpli fòm ki rele “Request for Production” an.
- ▶ Pote fòm sa-a bay ansyen patron ou an. Si ou pa kapab pote fòm sa-a an pèsòn-n, ou ka voye li ale pa lét sétifye avék on resi ki ap tounen vin-n jwen ou.
- ▶ Si ou pa resevwa on repons nan 3 jou ale nan lòt etap la.

#### **2<sup>nd</sup> Mosyon pou “Order to Compel Discovery”**

- ▶ Ranpli fòm ki rele “Motion to Compel Discovery” a
- ▶ Pote fòm sa-a ale nan biro “Miami Appeals” ki nan: Fax: 305-377-5328
- ▶ Mande pou ou kenbe on fotokopi mosyon ou voye ale a.

**APÈL DEVAN KOMISYON DAPÈL BIWO KONPANSASYON CHOMAJ LA,**  
**MOSYON POU EKSTANSYON TAN POU M SOUMÈT DOSYE MWEN AN**  
**REKÈT POU KOPI KASÈT JIJMAN AN AK PRÈV YO KI NAN JIJMAN AN**

DAT \_\_\_\_\_

Sent by Return Receipt Requested and U.S. First Class Mail to the  
following address:

Unemployment Appeals Commission

Suite 101, Rhyne Building

2740 Centerview Drive

Tallahassee, FL 32399-4151

RE: Reklaman: \_\_\_\_\_  
Nimewo ki nan Kalandriye Tribinal la: \_\_\_\_\_  
Nimewo Sosyal: \_\_\_\_\_

Pou Komisyon an,

M ap fè yon rekèt pou yon apèl devan Komisyon Dapèl Biwo Konpansasyon Chomaj la. Epitou m ap mande pou yon kopi kasèt avèk prèv yo ki nan jijman an. Answit, akòde mwen yon delè ekstansyon 45 jou a pati dat ou poste kope kasèt jijman an ansanm ak prèv yo pou mwen kapab soumèt dokiman legal mwen an pou enfòmasyon yo. Mèsi.

Ak Senserite,

\_\_\_\_\_  
Non

\_\_\_\_\_  
Adrès

\_\_\_\_\_  
Vil, Eta, Kòd Postal

\_\_\_\_\_  
Nimewo Telefòn

**DOSYE POU SIPÒTE YON APÈL**  
**MODÈL YON DOSYE**

Dat \_\_\_\_\_

Unemployment Appeals Commission  
Suite 101, Rhyne Building  
2740 Centerview Drive  
Tallahassee, FL 32399-4151

**Dosye Reklaman an:**

**Nimewo Sosyal:**

**Nimewo Apèl la:**

Mesye/Madam

Mwen kwè ke jij la te gen rezon akòde mwen benefis eke yo ta dwe rejte apèl anlwayè mwen an. Jan jij la te di a, mwen sèlman rate travay si mwen te malad oswa mwen te pran vakans ki te apwouve. Movèz kondwit defini kòm yon entèferans entansyonèl avèk enterè anlwayè a. Dekrè Lwa Florid § 443.036.

Mwen pa koupab de movèz kondwit.

Ak Senserite,

\_\_\_\_\_  
Reklaman